



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE BIWO PREVANSYON AK KONTWÒL DIFE
(OFFICE OF FIRE PREVENTION AND CONTROL, OFPC) A PRAL OFRI KOU
VITYÈL SOU LIT KONT ENSANDI NAN TOUT ETA A**

***Apati de Janvyè 2017, Y ap Bay Similasyon Egzèsis Antrènman a Ofisye Ponpye
yo ak Kapasite pou Pran Desizyon ki Nesesè pou Etenn Dife epi Sove Lavi***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) ap ofri egzèsis antrènman vityèl pou ofisye ponpye yo atravè eta a apati de janvyè. Kou a ap anseye ofisye ponpye yo – ekip lidè anchaj ekip ponpye ki responsab pou yon sityasyon ijans – kijan pou yo pran desizyon nan fraksyon segond nan yon anviwònman vityèl, pou etenn dife an sekirite, sekirize pwopriyete epi sove lavi.

Gouvènè Cuomo te di: “Nan chak kwen New York, ponpye brav nou yo mete lavi yo andanje jou apre jou pou pwoteje vwazen yo ak kominote yo. Kou sa ap bay sekouris sa yo fòmasyon, konesans ak ekperyans yo bezwen pou aji nan fason ki efikas nan sityasyon ijans yo kote chak segond konte. Sa se yon lòt pa annavan nan objektif pou vin gen yon vil New York ki pi an sekirite pou tout moun.”

Kou Similasyon Taktik nan Zòn Dife (Tactical Fireground Simulations Course) ki dire 12 èdtan an ap fèt nan Academy of Fire Science eta a nan Montour Falls, ki sitiye nan Konte Schuyler e nan diferan rejyon nan tout eta a. Ofisye ponpye yo ap angaje pou fè antrènman dife ki baze sou senaryo lavi reyèl lè yo fè yon eksperyans entèaktif ki pratik. Se ap nan yon anviwònman ki kontwole pa enstriktè k ap anseye estrateji ak taktik kòmand ensidan ki apwopriye.

Apati de mwa pwochen, Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife a ap kòmanse kontakte depatman ponpye atravè eta a pou ofri yo nouvo fòmasyon sa antanke yon pwolonjman fòmasyon aktyèl ki disponib pou nouvo ofisye ponpye yo -- ansanm ak veteran sa yo ki bezwen kenbe konpetans yo. Ofisye ponpye ak depatman ponpye ki enterese nan pwogram sa dwe kontakte kowòdonatè ponpye konte yo a pou pran randevou pou enfòmasyon.

Kalandriye fòmasyon konplè Academy of Fire Science lan disponib [isit la](#). Foto egzèsis antrènman yo disponib [isit la](#).

John P. Melville, Delege Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York la te deklare: “Kou sa ede amelyore fòmasyon pou lit kont ensandi ak pou ofisye ponpye, yo ofri nan Academy of Fire Science lan, e li itilize teknoloji jwèt ki inovan pou ranfòse

teyori yo te aprann anvan yo epi pèmèt etidyan yo pratike wòl kòmandman. Se yon gwo egzanp de itilizasyon teknoloji pou amelyore fason nou bay fòmasyon a etidyan yo.”

Bryant Stevens, Administratè Ensandi Eta a, te di: “Nou te konsevwa kou sa pou ede ofisye ponpye ak kòmandan ensidan yo amelyore desizyon sou sèn ensandi yo pou rann yo pi efikas epi efisyan nan yon sitiyoasyon ijans. Pi bon desizyon pandan yon kriz ede redwi blesi ak lanmò ponpye yo. Etidyan yo te byen resevwa kou a, e n ap itilize kòmantè yo pou amelyore eksperyans pou gwoup yo alavni.”

Sa pa gen lontan, ven volontè ak ofisye nan karyè ensandi ki soti atravè eta a, te pilote nouvo antrènman similasyon sou òdinatè sa ki pèmèt yo evalye senaryo reyèl antanke yon kòmandan ensidan nan yon sèn ijans ensandi. Kòm kondisyon, chak ofisye ponpye te konplete yon kou Lit Kont Ensandi 1 oubyen yon kou ekivalan, ansanm ak divès kou Sistèm Kòmand Ensidan (Incident Command System).

Aprè yon revizyon konsèp pwosedi jesyon ki apwopriye pandan yon ensidan, ponpye ki ta ka nan yon pozisyon lidèchip pandan yon evènman reyèl, te pratike kapasite pou pran desizyon kòmand ensidan nan yon seri similasyon sou òdinatè ki itilize teknoloji jwèt dènnye kri a. Chak nan senaryo ki baze sou òdinatè yo “reyaji” ak desizyon ofisye yo epi demontre rezilta pozitif oubyen rezilta negatif desizyon yo e kijan li afekte yon dife vityèl. Enstriktè kou yo fè yon analiz apre ensidan apre chak senaryo pou ede etidyan yo konprann kijan pou aplike meyè pratik nan yon sèn ensandi.

Enfòmasyon sou New York State Frederick L. Warder Academy of Fire Science
Academy of Fire Science lan ki dirije pa Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan, bay fòmasyon a plis pase 60,000 pèsonèl sèvis ijans chak ane ni nan pwogram yo bay sou plan rejyonal yo, ni nan Akademi an. Domèn fòmasyon pou sèvis jeneral ensandi a genyen ladan l, represyon dife, sovtaj teknik, antretyen materyèl ensandi, kòmand ensidan, fòmasyon enstriktè ponpye, fòmasyon ofisye ponpye, sante ak sekirite ponpye, fòmasyon dispatchè, teknisyen medikal ijans (Emergency Medical Technician, EMT), kou resiklaj pou EMT, ak fòmasyon sou materyèl debaz pilòt EMT. Fire Academy an ofri [Sètifikasyon Nasyonal](#) tou ki bay egzamen sou Lit Kont Ensandi I ak II, Enstriktè Ponpye I ak II, ak Ofisye Ponpye I ak II.

Enfòmasyon sou Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife Eta a

[OFPC](#) bay yon gam sèvis varye a ponpye, sekouris ijans, ajans gouvènman lokal ak eta yo, inivèsite piblik ak prive yo, ak sitwayen New York yo. Biwo a fè sekirite piblik la pwogrese atravè pwogram fòmasyon ponpye, edikasyon, prevansyon dife, anketè, pwogram operasyon espesyal ak teknik sovtaj. Sèvis esansyèl sa yo ke yo bay alè yo pèmèt Biwo a fè kontribisyon ki enpòtan nan sekirite tout Eta New York.

Enfòmasyon sou DHSES

[Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans](#) lan ak kat biwo -- Anti-teworis, Jesyon Ijans, Prevansyon ak Kontwòl Dife, ak Kominikasyon Entèwoperab ak Ijans li yo,-- bay direksyon, kowòdinasyon ak sipò pou efò pou prevni, pwoteje, prepare, reponn, epi rekipere kont atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak sa moun fè, menas, dife ak lòt ijans yo. Pou plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook](#), swiv [@NYS DHSES sou Twitter](#), oswa ale sou dhSES.ny.gov.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418